

**ZIMBABWE REPUBLIC POLICE EDUCATION SECTION
GRADE 7 MOCK EXAMINATION 2015**

**SHONA
PAPER 2**

September 2015

Time: 1hr 30 mins

MIRAIRO KUVANYORI

- 1. Pindura mibvunzo yose pabepa rauchapiwa.**
- 2. Nyora mhinduro yakazara pamubvunzo woga woga pachikamu chechipiri.**

CHIKAMU CHEKUTANGA [Rondedzero] [Mamakisi20]

Sarudza musoro mumwe chete pane inotevera. Zvino chinyora muChishona chakanaka rondedzero kana tsamba ine mazwi asingapfuure zana nemakumi maviri (120). Kana wasarudza tsamba, mutumbi wayo unofanira kuva nemazwi asingapfuure zana nemakumi maviri.

- a. Nyora hurukuro pakati pemukuru wechikoro nemwana anogarouya kuchikoro asina zvokushandisa zvakakwana.
- b. Nyora rondedzera pamusoro pechimwe chivakwa chinoyemurika chiri munharaunda yaunogara.
- c. Nyora detembo rine musoro unoti: Nyika yeZimbabwe.
- d. Nyora tsamba kumukuru wechikoro chaunoda kutsvaka nzvimbo yerugwaro rwefomu yokutanga.
- e. Nyora rondedzero ine musoro unoti: Zuva rangu rekutanga pachikoro.

CHIKAMU CHECHIPIRI : NZWISISO (Mamakisi 10)

VERENGA NYAYA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO

“VaMoyo, ndizvo zvandava kuita izvozvi. Handingajaidzi makudo neanokamhina. Ndava kuenda nemwanasikana wangu izvozvi,” vakadaro VaShoko vachidedera nehasha. VaMoyo vakapindurawo nezwi rakakwira voti, “Ndiko kunonzi kufarisa kwamava kuda kuita. Moda kupinda nemwenje mudziva zvino.”

“Aika! Saka munoti ndisiye mwana wangu imi muchimubata sedhongi kudaro, he-e? Dzava nhumbu nhatu dzake dzabva. Zvose izvi nokuti anogara achirakashwa nemurume wake, mwana wenyu. Zvakare munomurambidza kuenda kuchipatara. Iko zvino angoti svapata kunge mombe dore. Munhu mudiki akadaro anoti pera pera kunge asina mabhonzu? Kuperezeka kudaro?” “Mwana wenyu takarooro mukadya danga redu. Mukadzi uyu mukadzi wepano! Hapana kwamunoenda naye.” “Kana zviri zvetupfuma twenyu handina basa natwo. Ndinokudzorerai tupfuma twacho. Handingaregi mwana wangu achifa ndakatarisa.” Vainge zvino vadumbirwa VaShoko.

VaMoyo vakapindura voti, “Munoita zvekuseka imi. Hapana kwaanoenda nokuti mukadzi wemwana wangu...” VaShoko vakavadimbudzira voti, “Imi chinokudaroyi chiiko? Ndimi murume wacho here?” “Ko, imi ndimi Sekai wacho here? Iye Sekai haana kumboti haachadi zvepano saka munotaurirei marara ese aya?” Shasha mbiri dzakadzvokorana nemaziso akati piriviri kunge mhiripiri.

Mibvunzo

Pindura mibvunzo inotevera nezvirevo zvizere

1. Ndiani ari kutaurwa nezvake mundima? [1]
2. Vanhu vangani vari kukurukurirana munyaya iyi? [1]
3. Chii chakaita kuti VaShoko vatsamwe? [1]
4. Nderipi dimikira riri munyaya rinotaura zvekufarisa? [1]
5. Kupera muviri kwaSekai kwakafananidzwa nei mundima iyi? [1]
6. Chii chakaita kuti pamuviri paSekai pabve? [1]
7. Chikonzero chaita kuti VaMoyo varambe kuti muroora wavo atorwe ndechipi? [1]
8. Ndezvipi zvinhu zviviri zvaikanganiswa nemwanakomana waVaMoyo? [2]
9. Mazwi anoti ‘muchimubata sedhongi kudaro’ anorevei?